Фи анэбзэр вгъаф1э, ар бгъэдамэу фшэщ1.
Адэжь и жьэгу пащхьэу фхуахъумам ар пэфщ1.
Я фэеплъщ адэжьхэм бзэм я нэхъ къулейр,
Зи бзэ зымыдджхэм зэи фадэмыплъей.
Зи бзэ хуэмеижыр – ар лъэпкъыншэ мэхъу
Зи лъэпкъ 1уэху еижыр гъащ1эм къегъэщ1эхъу.
Бзэр 1эщ1ыбмэ, йобэ, мэхъу тэджыжыгъуей.
Ар хъумэныр нобэ, 1эщ1агъ псом я лейщ.
Адыгэбзэр гуапэщ, лант1эщ ик1и лъэщщ.
Дыгъэ налъэу хуабэщ, уи псэм и данлэчщ.

Дунейм сыт хуэдиз лъэпкъыу тет. Апхуэдизк1э куэд мэхъури 1эпэк1э къыпхуэбжынукъым. Дэтхэнэ зы лъэпкъми езым гъуэгуанэ къик1уащ, зыми ейм емыщхьу. И1эщ дэтхэнэ зыми бзэ, тхыдэ, хабзэ, псалъэжь, 1уэры1уатэ. Абык1э сэ жыс1эну сызыхуейр мыращ: дунейм тет дэтхэнэ лъэпкъми езым еиж щытык1эхэр и1эжщ, ц1ыху «1э сурэтыр» зэрызэмыщхьым хуэдэу. Ауэ щы1эщ зы щытык1э, мывэ лъап1эм хуэдэу, мыхьэнэшхуэ и1эу. Ар ц1ыхум, лъэпкъым и бзэрщ, и анэдэлъхубзэрщ.

Бзэр т1эщ1эхумэ – дылъэпкъым. Бзэр т1эщ1эк1мэ, напэтехщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, иджырей зэманым мащ1экъым бзэр 1эщ1ыб зыщ1 ц1ыхухэр. Апхудэхэр дэтхэнэ лъэпкъми и1эщ.

Къыбдальхуа бзэр бгъэлъэп1эн, бгъэбэгъуэн, бгъэбзэрэбзэн папщ1э, уадыгэ нэсу, адыгагъэ пхэлъу, адыгэлъ пщ1эту ущытын хуейщ. Уи л1ыгъэм бэр икъутэу уадыгэл1у ущытми, щхьэзакъуэу зыри пхуэщ1энукъым. Абы и щыхьэтщ адыгэхэм «мывэ закъуэ къалэ хъуркъым» жыхуи1э псалъэжьыр.

Сэ си1эщ анэдэлъхубзэ дахэ, шэрыуэ, купщ1аф1э.Ар адыгэбзэщ. Си адыгэбзэр бзэ нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщ. Абы и ныбжьыр лъэпкъым и ныбжьырагъэнущ.

Сэ сыадыгэщ! – жызы1э дэтхэнэми ищ1эну и къалэнщ адыгэбзэр, сыт щхьэк1э жып1эмэ ар абы и лъым хэтщ, и анэдэлъхубзэщи, къыдалъхуащи. Сэ тхыгъэ куэд щ1эзджык1ащ си лъэпкъым теухуауэ. Адыгэм и гъащ1эр гугъуами, и напэр псом япэ иригъэщу илъэс мин бжыгъэк1э къек1уэк1ащ.Ат1э,нобэ дауэ щыт си лъэпкъ уардэр? Сытым тет ди бзэм и 1уэхур?

Бзэр щымы1эм, щы1экъым лъэпкъри. Бзэ нэхъыбэ пщ1эху уи акъылым зеужь, гъащ1эм ухэплъэ уохъу. Нэгъуэщ1ыбзэ пщ1эмэ адыгэбзэр зыщыбгъэгъупщэн хуейуэ аракъым.

Бзэр зэрыпсалъэ Iэмэпсымэ къудейкъым – ар ди лъэпкъым зэрызихъумэж Iэмалщ. Ар нэгъуэщIхэм тыншу яхузэгъащIэмэ, тыншу къащтэмэ, къыпхэпшэхъуэнущ. Ар хъарзынэщ, фIы ягу илъмэ. Бзаджагъэ къыпкIэлъызэрахьэну щытмэ-щэ? Дэ иджыри къэс лъэпкъыу дызэтезыIыгъар ди бзэмрэ ди хабзэмрэщ. Ди хабзэри хабзэ щIэхъуар ди бзэращ. Къытевгъуатэт мы дунейм нэгъуэщI гуэрхэр, адыгэм хуэдэу жиIэфыну: «Кхъуэхъужьым кхъужьеижьым и лъабжьэр пэбжьэкIэ къретхъу». ЩыIэ апхуэдэ? ЩыIэкъым. ХужыIэми, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIам ар зэрыжиIэнур бзэмыIуущ.

Дэтхэнэ адыгэми дызэрыпсалъэ бзэр зы1эщ1эдгъэк1 1эщ1ыб тщ1ы хъунукъым. Ди бзэр ф1ыуэ тщ1эуэ, адыгэ хабзэм хэтщ1ык1ыу, зетхьэу, бзэм зедгъэужьыну дэрэжэгъуэу ди1эу дыщытын хуейщ, бзэр ди нэщи, ди псэщи ди зэф1эк1щи. «Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ, фом нэхърэ нэхъ 1эф1щ, джатэм нэхърэ нэхъ жанщ» жыхуа1э псалъэжьыр зэик1 зэщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Ди бзэ дахэр щ1эблэм зы1урытлъхьэжыну анэмэт къытхуащ1ащ. «Анэмэтым гъейрэт ухуэмыхъу»,- же1э адыгэ псалъэжьым. Бзэми хабзэми зыри хэмыщ1у щ1эблэм тхъумэжыныр но бди пщэрылъщ, сыту жып1эмэ си лъэпкъым и анэдэлъхубзэр и щ1эблэм уэсяту къыхуигъанэурэ, илъэс мин бжыгъэхэм къык1уэц1рихащ.Нобэ дэ къытлъыса адыгэбзэм, дауи. Щ1эблэр ф1ы дыдэу дрипсалъэркъым, шынагъуэ щы1эщ бзэм хэщ1ыныгъэ игъуэтынк1э. Зэманк1э узэ1эбэк1ыжмэ, «Нартхэр» тхылъыр гъуэтыгъуейт, ауэ ц1ыхухэм ар щ1аджык1ырт, зэ1эпахыурэ. Нобэ а эпос гъуэзэджэр адыгэ унагъуэ куэдым щ1элъщ, арщхьэк1э щ1эблэр абы емыджэми, ар зыми ф1э1уэхукъым.

«Нартхэр» ди щ1эблэмк1э университнтщ. Абы ит тхыгъэхэм я 1ук1эр псэм йохуэбыл1э, гум хохьэ. Сэ сф1эгъэщ1эгъуэну бзэм ехьэл1а хъыбархэр, усэхэр щ1ызоджык1. Сигу къинэжащ Иорданием щыщ тхак1уэ Шуашэ Джаудэт и усэ ц1ык1у «Сэ сыадыгэщ» жыхуи1эр.

Сэ сыадыгэщ,
Мыр сигущ,
 Мыр си 1эщ,
 Мыр си лъэщ,
 Мыр си псэщ.
Си псэр пытыху,
Си гур къеуэху,
Си лъэр зек1уэху
,Сыхуэпсэунущ адыгэм.

Сэ сыадыгэу дунейм сыкъызэрытехьам папщ1э, Алыхьышхуэм шыкур хузощ1, сыту жып1эмэ ди адыгэ лъэпкъыр къулейщ хабзэ дахащэхэмк1э,адыгэбзэ гурыхьымк1э,жэнэт лъахэмк1э,псом япэр аращи, ди ц1ыху дыщэхэмк1э. Лъэпкъыр лъэпкъ зыщ1ыр и бзэр, и хабзэрщ. Сыту гуапэ адыгэу ущытыныр!

Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение

«Средняя общеобразовательная школа №1» с.п. Аргудан

Районный конкурс социальных проектов
«Детская радиопрограмма на родном языке»

**Альманах «Моя родина»**

# Эссе
# «Я – кабардинец, потому что…»

**Работу выполнила**
**ученица 8 «Б» класса**
**Учитель Машукова Л.М.**